

FEMA Pwolonje Pwogram Lojman Dirèk pou Siklòn Ian

Release Date: Febriye 16, 2024

FEMA te anonse yon ekstansyon sis mwa nan pwogram Lojman Tanporè Dirèk jiska 29 septanm 2024, pou kay ki elijib nan konte Charlotte, Collier, DeSoto, Hardee, Lee, Sarasota ak Volusia.

Depi Siklòn Ian, FEMA te bay inite lojman tanporè pou plis pase 1,300 fanmi ki deplase nan eta a. Travay ak Divizyon Jesyon Ijans Florid la ak patnè lokal yo, plis pase 650 fanmi jwenn yon kay ki pi pèmanan.

FEMA kontinye travay kòt a kòt ak ofisyèl leta ak lokal yo ak volontè pou ede prèske 700 fanmi ki toujou ap viv nan lojman tanporè jwenn yon solisyon pi pèmanan. Manadjè ka katastwòf yo ap travay tou youn a youn avèk yo pou ede yo ak bezwen yo.

Dapre règleman pwogram lojman FEMA, moun ki kontinye ap viv nan inite lojman tanporè FEMA apre 29 mas 2024 pral responsab pou peye lwaye chak mwa. Pousantaj pou lokasyon yo pral varye selon gwosè ak kote inite lojman tanporè a, men li p ap depase to mache ekitab Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini. Rezidan yo pral resevwa yon lèt sou sitiyasyon endividyèl yo. Rezidan ki gen kesyon yo ka pale ak konseye lojman FEMA yo.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre siklòn Ian, vizite floridadisaster.org/info ak fema.gov/disaster/4673 Swiv FEMA sou X, ki te rekonèt kòm Twitter, sou [@FEMA Rejyon 4 \(@femaregion4\)](https://twitter.com/FEMA_Rejyon4) ak sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 1 of 1